Ассаламу гІалайкум!

# ЦІумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

Республика Дагестан МР "Цумадинский район"

2026 соналъул 2 январь Рузман № 1 (7932) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦІУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Баркиял

## ЦІияб сон талихІаб батаги

**ХІурматиял районцоял!**




Гьале ана иргадулаб сон, тІаде щвана ЦІияб 2026 сон.

Кинабха букІараб нилъее араб лъагІел? ГІаммаб къагІидаялда босани, гьеб квешаб букІинчІо нилъее. Аслияб куцалда нилъеда кІвана гІемерисел хІисабалде росун рукІарал ишал гІумруялде рахьинаризе.

ГІезегІанго лъикІал ишал ккана халкъалъул социалияб рахъ лъикІлъизабиялъулъ.Бачана росабалъе газ, къачІана нухал, лъуна мобилияб бухьеналъул вышкаби,лъикІлъана гІадамазул гІумруяшав. Гьеб ккола нилъер киназулго цадахъаб хІаракатаб хІалтІул хІасил. Дир ракІ чІола гьединаб пайдаяб къагІидаялъ цадахъ рекъон гьабулеб нилъер хІалтІи цІияб соналъ жеги цІикІкІинин ва нилъер гІумру-яшавги лъикІлъилин.

ХІурматиял ва гІагарал районцоял!

РакІ-ракІалъ баркула нужеда тІаде щвараб ЦІияб 2026 сон!

Гьарула щивасе щулияб сахлъи, рохел, талихІ ва рекъел. ЛъикІаб гурони хабар бачІунгеги нужер къавулъе ЦІияб соналъ ,тІураги нужер щивасул мурадал ва анишал.

ЦІияб сонгун, цІияб талихІгун, хириял районцоял!

**Шамил ГІумаров,** районалъул бетІер

* * *

**ХІурматиял ветераналl!**

РакІ-ракІалъ баркула нужеда тІаде щвараб ЦІияб 2026 сон!

Гьарула нужее щулияб сахлъи, талихІ, гьарулел ишазулъ икъбал, талих1, рохел ва ракълилаб гІумру.

**МухІамад ХІанапов**, районалъул ветераназул Советалъул председатель

* * *

**ХІурматиял районцоял!**

РакІ-ракІалъ баркулеб буго нужеда ЦІияб 2026 сон!

ЦІияб соналъ ргъула нилъее гІумруялъул цІияб гьумер. БукІа абе нужее ЦІияб сон талихІаблъун, хІалтІулъ бергьенлъаби гьарзаяблъун, рохел даимаблъун.

Гьарула киназего щулияб сахлъи, сахаватаб гІумру хъизаналъул талихІ, тІураги нужер мурадал.

БукІа абе нилъее ЦІияб сон ракълилаблъун!

Баркигун цадахъ ракІ-ракІалъулаб баркала кьезе бокьун буго росабазул администрациязул бутІрузе, учреждение-организациябазул нухмалъулезе тІубараб лъагІелалъ нижгун цадахъ рукІаралъухъ-райгазеталъул подписка гьабиялъухъ ва редакциялъулгун бухьен тІезе течІолъиялъухъ.

ЦІияб сонгун, цІияб талихІгун!

**Баркигун**

**«ЦІумадисезул гьаракь» газеталъул коллектив.**

## Районалъул бюджет тасдикъ гьабуна

30 декабралда Агъвали райадминистрациялъул данделъабазул залалда тІобитІана районалъул депутатазул Собраниялъул иргадулаб сессия.

Сессиялъул хІалтІулъ гІахьаллъи гьабуна «ЦІумада район» муниципалияб районалъул бетІер Шамил ГІумаровас.





Сессиялъул хІалтІи бачана «ЦІумада район» муниципалияб районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Рамин МухІамадовас.

Сессиялъул байбихьуда депутатаз тасдикъ гьабуна повестка ва хІалтІул регламент.

Гьезул хал гьабиялде росарал суалазда гьоркьор рукІана хадур рехсарал суалал:

-«ЦІумада район» муниципалияб районалъул бакІалъулаб самоуправлениялъул органазул структураялъул хІакъалъулъ»;

-«ЦІумада район» муниципалияб районалъул муниципалиял учреждениябазул хІалтІухъабазе хІалтІул мухь борхизабиялъул хІакъалъулъ»;

-«ЦІумада район» муниципалияб районалда МРОТ чІезабиялъул хІакъалъулъ». Гьеб лъабабго суалалда тІасан информациягун цеве вахъана райадминистрациялъул правовиябгун информациялъулал технологиязулотделалъул нухмалъулев Тимур Ибрагьимов.

«ЦІумада район» муниципалияб районалъул 2026 ва 2027-2028 соназе консолидированияб бюджеталъул проекталъул хІакъалъулъ докладгун кІалъазе вахъана районалъул финансовияб отделалъул нухмалъулесул ишал тІуралев ХІажи ГІисаев.



2026 соналъе районалъул консолидированияб бюджеталда бихьизабун буго 914158,224 азарго гъуруш, гьеб ккола 2025 соналъе бихьизабун букІаралъул II3.3 процент. Гьелда гьоркьоса дотация ккола 179577,0 азарго гъурущ, субвенция- 541119, 482 гъурущ, субсидиял-47182,651 азарго гъурущ, гьединго поселениязул налогал ва сборал рикІиІкІичІого 145870,0 азарго гъурущ.

Депутатаз хал гьабуна районалъул Собраниялъул сессиялъул хІукмуялда хурхун прокурорас гьабураб протесталъул Гьединго депутатаз тасдикъ гьабуна «ЦІумада район» муниципалияб районалъул собраниялъул 2026 соналъе хІалтІул план.

Депутатаз тасдикъ гьабуна районалъул бюджет, гьединго къабул гьаруна гьоркьор лъурал суалазда сверухъ рекъон кколел хІукмабиги.

## Васасул шапакъат инсухъе кьуна



БахІарчиясул хвелгун нилъедаса ватІалъана ргъулаб хасаб операциялъул гІахьалчи, ТІиндиса МухІамадов МухІамад ХІасанович.

Районалъул депутатазул Собраниялъул сессиялда районалъул бетІер Шамил ГІумаровас кІудияб пашманлъиялъул ва чІухІиялъул асаргун МухІамадил инсухъе-ХІасанихъе кьуна хун хадуб васасе щвараб пачалихъияб шапакъат «Орден мужества».

# ТIадгьакъвари - цIияб мажгит рагьиялъул рохел




Жакъа гIадин ракIалда рукIуна лъимерлъидул цо-цо лахIзатал, ракIалдещвеял. Гьединаздаса цо буго дир гIагараб РичIагьанихъ росулъ дол советиял, тIатун, рагьун, дин гьабизе гьукъарал соназ дун тамашалъизаюраб как ахIи. Киса-кибего гIадин бихьичIого, росдал мажгит колхозалъул складалдеги сверизабун, къан букIаниги, гъоркьги тIадги росулъ иццухъ рукIана как базе росуцоял унел гьитIиналго рукъзал. КъулгIабиян абулаан гьезда росуцояз. Цо къоялъ рукIкIунеб мех букIана хуриса рачIунаго, мунагьал чураяй эбелалъ цIорораб лъел парччи цIезабеян дун къулгIадухъе йитIидал. Гьебги цIун ячIунаго, рагIана дида доб иццда аскIоб бугеб къулгIаялда жанисан берцинаб гьаркьидалъун, дие асар гьабураб как ахIулеб. Парччиги гIодоб лъун, нахъги сверун ана дун, 7-8 сон барай яс, лъицадай ахIулеб бугебан, щибдай гьадаб гIаламат абун пикрабиги гьарун, балагьизе. Гьелде щвезегIан как ахIулеб дида рагIун букIана гIицIго рокъоб жаниб, мунагьал чураял кIиявго кIудаби-Залимханицагун Сапиюлагьица какал ралаго. Цо-цо мехалъ зоб гьугьайдал, цIакъго гьалагаб цIад балеб мехалъги ахIулаан Залимхан-кIудица гьеб рагьдеги вахъун. Амма росдал бихьинал руссун, как балеб рокъосан тIоцебесеб нухалъ рагIулеб букIана. Вихьанаха хIал алжаналда жиндир батаяв, дирго кIодоэбел ПатIиматил вацгIал, гIемерал соназ росдае дибирлъи гьабурав ТIалхIатов Хейруллагь-даци как ахIулев. Гьесул, сверухъльиго асир гьабулеб гIадаб берцинаб гьаракьалъ ахIулеб какихъги гIенеккун, дун къулгIадул нуцIихъ гIодой чIун йикIадго, рачIарал харабаз (доб мехалъ 40 сон баравги росуцояв херавилан кколеб букIанин ккола) ясал рачIулеб бакI гурин гьабанги абун, дун рокъой регIана, рокъоб бай хирияб рузман сордоги бугелъул маркIачIул какиланги абун.

Гьелдаса нахъе ун батила 10 сон, рес кьуна мажгиталги рагьизе, цIигьаризе, тIатун какги ахIизе. Цо росулъ жаниб лъабго-ункъо бакIалдаса цоцада хадуб как ахIулебги бачIана замана, амма доб балъго как ахIулеб, росдал гьечIев чи вачIунев вугодаян хъаравуллъуда гIолохъабиги чIун цо-цо как ахIулеб заманаги чанги ракIалде щола, кигIанха нилъер умумул гIашикъ рукIаралан гьадинаб эркенго дин гьабизе рес бугеб заманаялъухъан пикруги гьабун. Жакъа гIадинал къачIарал гурел, чIабаралда тIад сумги тIибитIун, рес рекъарас бачIараб юргъан-одеялги сумалда тIад тIамун, кватIараб сардилъ росулъе щварав, гьобол-гьудул гьечIев нухлуласе гьалбадерил рукъ хIисабалдаянги ран, жибго мискинаб букIаниги, ракI бечедаб къулгIаялда жанир балъгого къанагIат ахIараб какил гьаркьихъ чанги урхъула жеги...



Иргадулаб нухалъги долго лъимерлъидул лахIзатал ракIалде щвана араб соналъул ахиралда, жакъа рохалил харбал дагьлъараб заманалда гьединал сахаватал васал гIураб цохIо гьакъварисезул жамагIат гуребги, тIолго дагъистаниял рохизе ккараб хIужа-дир умумузул ватIан ТIадгьакъвари росулъ бараб цIияб мажгит рагьиялъул тадбиралда гIахьаллъарай дида. Доб балъго как ахIулеб заманги, жакъа тIадгьакъварисезул рохел гIахьал гьабизе цохIо республикаялдаса гьалбал гурелги, улкаялъул рахъ-рахъалде рикьун ругелги росуцоялги рачIараб тадбирги данде ккун, абухъего, гIеч бортизе бакI гьечIого машинабазги гIадамазги цIурал росдал къватIалги рихьун, рохалил магIу ххулана, щукру дуе, БетIергьанилан рецц Аллагьасеги гьабун.

ГьитIинабго къулгIа букIараб бакIалда росу бакьулъ эхетараб кIитIалаяб берцинаб мажгиталъул минаялъул кунчIиялъ сверухълъиго гвангъун, нур кьолеб бугин кколеб буго. Бусурбабазе мажгит гIицIго куполалги минарабиги ругеб берцинаб мина гуребги, рухIияб рахъалъул ва рекIел бацIцIалъиялъул гIаламатлъунги, дунялалъул пикрабги нуцIил кIалтIа тун, ахираталъул пикру гьабизе тIамулеб, гьудуллъи-вацлъи щулалъизе ахIулеб Аллагьасул рукълъун ккола. Гьеб кинабгоги бичIчIун, мажгит базе ахирисеб магIалде щвезегIан харжал жиндего тIаде росарав сахаватав инсан ГIабдурахIман Камиловасдасагун аслияб гIуцIарухъанлъиялъул иш кодосев ГIумарасхIаб Нуцалхановасдаса байбихьун, къараб зар гIадин, росдал ва районалъул имамзабаздагун администрациялъул гьалбал къабул гьариги иргадулаб нухалъги бихьизаби.

Рохалилаб тадбиралъул аслияб программаялда букIана хирияб Къуръаналъул аятал цIали, хIурматиял гьалбадерица баркиялъулал кIалъаял гьари, мажгит баялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабуралщиназе баркала загьир гьаби, цо-цо спонсораз гIумраялде ине путевкаби можоро гьабун, кьей, чIоло къотIи ва мажгиталде гьитIинабго экскурсия гьаби.

Районалъул имам Абубакар Сулеймановас гьалбадерие хасалил гьава-бакъалъухъ балагьичIого, жидер рохел гIахьал гьабизе рачIиналъухъ баркала кьуна ва дугIа-алхIам гьабуна тадбир байбихьилалде цебе.

АхIмад МухIамадовас хирияб Къуръаналъул аятал цIалиялдалъун байбихьана мажгит рагьиялъул чIоло къотIи.



Хадуб гьакъварисезда гуребги, тIолго цIумадисезда рохалилаб тадбир баркун, баркиялъул ва вагIза-насихIаталъул кIалъаял гьарун цере рахъана Гъизляр шагьаралъул имам СаидхIусен, Хасавюрт шагьаралъул имам ЯхIия, халкъияб Собраниялъул депутат, мажгиталъе жиндир цIар кьурав ГIабдурахIман Камилов, ТIинди росдал имам ХIусен, динияв цевехъан МуртазагIали, районалъул имам Абубакар Сулейманов, ТIадгьакъвари росдал цIивищарав имам Сасикьа Идрис ва росдал жамагIатчи МухIамадзакир Абулмуслимов. бетIерасда нахърилълъун, цолъарал тIолго гьакъварисезеги, рохел гIахьал гьабурал гьалбадериеги баркала загьир гьабизе бокьун буго тIоцебесеб иргаялда дирго рахъалъанги. Росулъе жанире рачIунагоги бихьулеб букIана кинаб хIалтIи гьез гьабун бугебали. Киса-кирего парпалел понцIерабигун байрахъалги, «ЛъикI щварал, гьалбал!»-ян чIвараб игIланги, низам цIуниялъул хъаравуллъуда ретIун хасал жилеталгун ругел росдал гIолохъабиги, богорукъалъул иш кодосел руччабазул меседил кверaз гьарурал батIибатIиял кванил нигIматазул махIалъ цIураб сверухълъиги-гьеб букIана гьакъварисезул унго-унгояб цолъиги, вацлъиги, гьудуллъиги,

Хасаб чIаголъи ва берцинлъи кьуна тадбиралъе Гулишат НурмухIамадовалъ ва цогидалги спонсораз хирияб ракьалде гIумраялъ ине путевкаби рикьиялъул можоро тIамиялъ ва сайгъатал рикьиялъ. Аллагьас къабул гьабеги киназулго садакъа. Рохизе ккараб хIужа букIана гьеб къоялъ тIадгьакъварисезе цогиги: 10 классалъул цIалдохъан Хадижат ГIабдулхIакъова росдал тIоцеесей хIапизлъун яхъанин бачIана МахIачхъалаялдаса хабар.

# ГIелал данде гъарураб байрам




Мажгит рагъиялда цадахъго, росулъ школа рагъаралдаса 90 сон тIубаялъул байрамги кIодо гъабуна тIадгъакварисез араб анкьалъ.

Тарбия-лъай кьеялъул кIиго къебелъи.

Байрамалъ данде гъаруна батIи-батIиял гIелал-школалъул ветеранал, гIолохъанал мугIалимзаби, батIи-батIиял соназ школалъ къватIире риччарал выпускникал. Байбихьи школалъул минаялъуб лъураб ва хадубккун росдал клубалда бачараб рохалилаб тадбир гъалбадериегун тIадгъакварисезе сверана рохалилги пашманлъиялъулги магIу ххулараб ракIалдещвеязул байрамалде, сихIкъотIараб балаялдасаго «Баркала нужее, мугIалимзаби!»-ян щивасул беразулъги цIалулеб, лъикIабщиналде хьулгун божилъиги лъураб.

ТIадгъакварисезул рохел гIахьал гьабизе рачIун рукIана райадминистрациялъул, лъайкьеялъул управлениялъул ва районалъул школазул вакилзаби, батIи-батIиял соназ ТIадгъаквари росдал школа лъугIун къватIире арал, жакъа жал гIелмабазул кандидаталгун докторал рахъарал, бат1и-бат1иял хъулухъазда ругел росуцоял ва гIемерал цогидалги гъалбал.



Гъез ракI-ракIалъго баркана пишацоязда школалъул юбилей, бицана гIун бачIунеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялъулъ, патриотизм куцаялъулъ школалъул бугеб кIваралъул.

-КIудияб буго бутIа, лъалкI мугIалимас ва школалъ инсан куцаялъулъ толеб,-ан абуна школалъул директор МухIамад ИсмагIиловас жиндирго баркиялъулаб кIалъаялда. -Вохарав ва чIухIарав вуго дунги гIагараб росдал школалъул цIалдохъан вукIиналдаса. РакI-ракIалъ баркула, хириял мугIалимзаби, школалъул коллектив ва росуцоял, нужеда школалъул иргадулаб юбилей. Гъарула нужее щулияб сахлъи. Школа ккола ин-



санасул гIумруялъе кьучI лъолеб ва гьев куцалеб къебелъи. Божула жеги лъикI хадубккунги коллектив хIалтIизе букIиналда ва чанги цIар рагIарал гIалимзабиги, хIалтIул устарзабигун махщалилалги школалъ къватIире ричче рукIиналда. Школалъул жеги гIеме-гIемерал юбилеял дандчIвазе хъван батаги БетIергьанас нилъее.

Гъединалго баркиялъулал кIалъаял гъаруна районалъул лъайкьеялъул управлениялъул профкомалъул председатель Заурбег МухIамадовас, «Махщел цIикIкIарал лъимал» централъул директор ГIалихIажи ХIусеновас, ГьигьалъгIурухъ, Гьигьалъ, Агъвали, ТIиссиахикь, Гъоркьгьаквари, Эчеда ва Гьакъо росабазул школазул директораз, Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул кафедраялъул доцент, физикаялъулгун математикаялъул гIелмабазул доктор Абубакар ИсмагIиловас, биологиял гIелмабазул кандидат, Дагъистаналъул гIелмияб



централъул лабораториялъул заведующий Рамазан МуртазагIалиевс, школалъул выпускникал Нуцалхан Нуцалхановас ва Пирдавусица, росдал администрациялъул бетIер Шамил ХIасбулаевас, мугIалимветеран МухIамадзакир Абулмуслимовас ва цогидазги.

Школалъул тарихалъул бицунаго ракIалде щвезаруна ВатIаналъул ахIиялда рекъон, КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIаздаса байбихьун, батIи-батIиял рагъулал тункахIусиязул гIахьалчагIи, рагъулаб хасаб операциялда жакъаги цересел кьеразулъ ругел росуцоял.

Гьебго къоялъ школалда тIобитIана районалъул школлъималазда гъоркьоб «ГIелму лъалел» абураб къец. Гьениб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана ТIадгъаквариса МухIамад ГIизрагIилов, кIиабилеб бакIалде ккана ТIиссиахикьа ПатIимат гIалиева ва лъабабилел бакIал рикьана Гъоркьгьаквариса Марьям МуртазагIалиевалъгун Агъвалиса Мадина ХIайбулаевалъ.



Гьезие кьуна грамотабигун сайгъатал. Хасаб берцинлъи кьуна тадбиралъе школлъималазул церерахъиназ. Рохалилги пашманлъиялъулги магIу ххуличIого балагьизе кIоларедухъ рихьизаруна гьез инсценировкаби ва хIана ролал.

Ахиралда букIана цIалулъгун хIалтIулъ лъикIал хIасилал рихьизаруразе - цIалдохъабазегун мугIалимзабазе - педагоагал-ветераназегун гIолохъанал специалистазе ва гъалбадерие ракIалдещвеялъе сайгъатал кьейги.



Кидаго гIадин, рохалилаб тадбиралъе ахир лъуна кванил нигIматаздалъун гъарзаго къачIарал столазда нахъе тепсиялда гIодорчIеялъ.

**Хадижат Залимханова**

# ТIадгъаквари - цIияб мажгит рагъиялъул рохел

2

-ЦIибараб мажгит ккола цоги нухалъ нилъеда иман ва рухIияб ирс цIуниялъул жавабчилъи букIин ракIалде щвезабулеб Аллагьасул рукъ.

Мажгит кидаго букIана гIибадат гьабулеб, лъай ва рухIияб тарбия кьолеб, иман щулалъулеб, жамагIаталъул цолъи бижизабулеб бакIлъун. Аллагьас муъминзабазул ракIал щула гьареги, гьезул лъикIал гIамалал къабул гьареги, гьаб рукъги ракълил ва ритIухълъиялъул иццлъун гьабеги,-ян абуна Г1абдурах1ман Камиловас.

Рохалилаб тадбир рагIалде щвана хирияб рузманалъул как баялдалъун. Хадуб гъалбадерие букIана тIагIамаб кванил устарзаби-гьакварисезул руччабаз гIуцIараб тепси. Умумузул тIехалдаса бахъараб жакъасел цIи-цIиял квеназде щун столазда тIад камураб нигIмат букIинчIо. Рази хутIана тадбиралдаса киналго: гъалбалги росуцоялги, гьездаго цадахъ дунги. Щай дица дунгоян абулеб? Щайгурелъул, бихьизабизе бокьун букIиндал ХIамзатил Расулица хъвараб

Релъи-хъуй гьечIого, рохизе лъалел,
МагIу чвахичIого, гIодизе лъалел,
ГIишкъул рекIараб цIа цIунизе лъалел
МагIарулал ругел лъикIал гIадамал.
БакIал къваридалъуб ракIал гIатIидал,
Рукъ мискинлъаниги, намус бечедал,
ТIаде бачIараб къо лъимлъун къулчIулел
МагIарулал ругел лъикIал гIадамал.
РикIкIен дагьлъаниги, гьунар гIемерал,
ГIурда тIегь бижизе чорхол би тIолел.
Божизе бегьила гьаб дир халкъалда
МагIарулал ругел лъикIал гIадамал.

абураб кочIолъан нахъе бахъизе мухъ дида батичIелъул дир гьакварисезул гIаданлъиялъулги гIадатлъиялъулги бицине яхъиндал. Гьезиего хъвараб батизеги бегьула гурищ кIудияв шагIирас гьеб?!

Кидаго гьедин гъункун, цолъун, лъикIалщиназул кьерулъ тIоцере цIарал хъвалелллъун хутIаги нуж, дир хириял ракьцоял. Гьединал рохалил харбалги тадбиралги гIемерлъаги дир ракьалда-цIумазул улкаялда, сах-саламат, рохалида таги дир халкъ ккараб къо борхизе цоцае хIалае рахъине кидаго.

Мажгиталъул баракат тIолго Дагъистаналъе щваги. ГIабдурахIман Камилов, Гулишат НурмухIамадова ва цоги анцI-анцI ракьцоял-меценатал гIадал сахаватал ва баракатал чагIиги гIемерлъаги нилъее.

ГIурусазул классик Александр Пушкиница хъвараб «ГIарас («Памятник»)» абураб кечI кIинусиялдасанги цIикIкIун сонидаса такрар гьабуна ГIабдурахIман Камиловасгун мажгит барал тIадгъакварисез-чIагого жиндир цIар кьураб ГIабдурахIманил мажгит гIасрабаз хутIила наслабазе цIи-цIиял хIапизалги гIезарулаго. Ва букIинаро гьеб мехалъ доб 40 соналъ цебе гIадин балъго как ахIиги, хирияб Къуръан цIалиги баракатаб нилъер ракьалда.

...Биччай чвахизе заман
Гьелда базе квелъ гьечIо.
Амма дуца толеб лъалкI
Даим хвел гьечIеб буго.

**Хадижат Залимханова**

**Решение № 2**
**сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 30 декабря 2025 г.**

**Принято Собранием депутатов**
**МР «Цумадинский район»**
**от 30 декабря 2025 г.**

**Об установлении минимального размера оплаты труда**
**на территории муниципального района «Цумадинский район»**

В соответствии с Федеральным законом от 29.11.2025 г. №429-ФЗ «О внесении изменений в статью 1 Федерального закона «О минимальном размере оплаты труда», Собрание депутатов МР «Цумадинский район», **решает:**

1.Установить размер минимальной заработной платы для работников аппарата органов местного самоуправления финансируемой из бюджета муниципального района «Цумадинский район» в размере 27093 рублей с 1 января 2026 г.

2. Контроль за исполнением настоящего решения возложить на отдел финансов муниципального района «Цумадинский район».

**Глава муниципального района Ш. Омаров**
**Председатель Собрания депутатов Р. Магомедов**

* * * * *

**Решение № 3**
**сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 30 декабря 2025 г.**

**Принято Собранием депутатов**
**МР «Цумадинский район»**
**от 30 декабря 2025 г.**

**О повышении заработной платы работников муниципальных учреждений**
**муниципального района «Цумадинский район»**

На основании Постановления Правительства Республики Дагестан от 16.09.2025 г. №277 «О повышении заработной платы работников государственных учреждений Республики Дагестан», Собрание депутатов муниципального района «Цумадинский район» **решает:**

1.Повысить с 1 октября 2025 года на 4,5 процента оклады (должностные оклады), ставки заработной платы работников муниципальных учреждений муниципального района «Цумадинский район», на которых не распространяются указы Президента Российской Федерации от 7 мая 2012 г. № 597 «О мероприятиях по реализации государственной социальной политики», от 1 июня 2012 г. № 761 «О Национальной стратегии действий в интересах детей на 2012-2017 годы» и от 28 декабря 2012 г. № 1688 «О некоторых мерах по реализации государственной политики в сфере защиты детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей».

2.Финансирование расходов, связанных с реализацией настоящего решения, осуществлять за счет средств, предусмотренных в районном бюджете муниципального района «Цумадинский район».

3. Опубликовать настоящее решение в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети Интернет.

4. Настоящее решение вступает в силу по истечении 10 дней со дня его официального опубликования и распространяется на правоотношения, возникшие с 1 октября 2025 г.

**Глава муниципального района Ш. Омаров**
**Председатель Собрания депутатов Р. Магомедов**

* * * * *

**Решение №5**
**сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 30 декабря 2025 г.**

**Об утверждении плана работы Собрания депутатов МР «Цумадинский район» на 2026 год**

Руководствуясь Федеральным законом от 20.03.2025 N 33-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в единой системе публичной власти»,Устава муниципального образования «Цумадинский район Собрание депутатов муниципального района «Цумадинский район» **решает:**

1. Утвердить план работы Собрания депутатов МР «Цумадинский район» на 2026 год.

2. Опубликовать настоящее решение в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети Интернет.

3. Решение вступает в силу с момента его принятия.

**Председатель Собрания депутатов**
**МР «Цумадинский район» Р. Магомедов**

* * * * *

**Р Е Ш Е Н И Е №6_**
**сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 30 декабря 2025 г.**
**О рассмотрении протеста прокурора об отмене решения №1**
**сессии Собрания депутатов** МР «Цумадинский район» **от 23 сентября 2025г.**

В соответствии с Федеральным законом от 20.03.2025 N 33-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в единой системе публичной власти», руководствуясь Уставом муниципального образования «Цумадинский район» и рассмотрев протест прокурора Цумадинского района от 24.10.2025 г. №02-06/02-2025, Собрание депутатов МР «Цумадинский район» - решает:

1.Отклонить протест прокурора Ботлихской межрайонной прокуратуры от 24.10.2025 г. №02-06/02-2025, на решение №1 сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 23.09. 2025 г.

2.Решение №1 сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 23.09.2025 г. оставить в силе.

3.Опубликовать настоящее решение в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети Интернет.

4.Решение вступает в силу с момента принятия

**Председатель Собрания депутатов**
**МР «Цумадинский район» Р. Магомедов**

**Конкурс**

# Отбор кандидатур на должность главы сельского поселения

Решением №1 (протокол №6) от 29.12.2025 г. Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Хуштадинский» объявлен конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет Хуштадинский».

Конкурс состоится 30 января 2026 года. Приём документов граждан, желающих принять участие в конкурсе, будет осуществляться до 21 января 2026 г. со дня опубликования настоящего объявления в газете«Голос Цумады» в здании администрации сельского поселения «сельсовет Хуштадинский» в рабочие дни с 9-00 до 12-00 и с 13-00 до 17-00 часов.

Для участия в конкурсе кандидат представляет лично следующие документы:

1.Личное заявление на участие в конкурсе;

2.Собственноручно заполненную и подписанную анкету с приложением фотографий размером 4х5-3 шт;

3.Паспорт или заменяющий его документ;

4.Документы, подтверждающие профессиональ-ное образование, стаж работы и квалификацию (при наличии):

-документ о профессиональном образовании;

-трудовая книжка или иной документ, подтверждающий трудовую (служебную) деятельность гражданина;

5.Сведения о доходах полученных кандидатом, его супругой (супругом), несовершеннолетними детьми, принадлежащем им имуществе, вкладах в банках, ценных бумагах.

6.Согласие на обработку персональных данных

Также подаются копии всех документов, указанных в подпунктах 3 и 4.

В качестве конкурсного задания кандидат пред-ставляет разработанную им Программу действий, направленную на улучшение социально-экономической ситуации в сельском поселении.

Программа обязательно должна содержать:

-оценку текущего социально-экономического состояния сельского поселения;

-описание основных социально-экономических проблем сельского поселения;

-комплекс предлагаемых кандидатом мер, направленных на улучшение социально-экономического положения и решение основных проблем сельсовета.

Программа подписывается кандидатом и представляется в комиссию в день проведения конкурса.

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения**
**«сельсовет Хуштадинский» М.Гамзатов**

**Собрание депутатов сельского поселения**
**«Сельсовет Гигатлинский»**
**Цумадинского района Республики Дагестан**

## Решение №5

**от 24.12.2025**

**Об избрании Главы администрации сельского поселения**
**«Сельсовет Гигатлинский»**

**В соответствии со статьей 30 Устава муниципального образования сельского поселения «Сельсовет Гигатлинский» собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет Гигатлинский» решило:**

1. Избрать главой сельского поселения «Сельсовет Гигатлинский» Газимагомедова Рамадана Магомедовича.

2. Настоящее решение вступает в силу с момента его принятия и подлежит официальному опубликованию.

**Председатель собрания депутатов сельского поселения**
**«Сельсовет Гигатлинский» М.Имангазалиев**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула
СагIадулаевич
(87273) 2-52-44

Техникияй редактор
МухIамадова Батул
МухIамадовна

Редакцияялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул

«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)
Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»

Тираж - 1009
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Адрес электронной почты
Golostsumady@mail.ru

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гьорль бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.
Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ 05-00434
от 15 июля 2019 г.